

Vaksen COVID-19

yo se

toujou pi bon fason pou
goumen kont viris la.



Gen plis **pase 600 milyon dòz vaksen COVID-19** yo gentan bay nan Amerika.
Etid yo montre vaksen COVID-19 yo **pa danjere** epi yo **evite moun entènè**
epi sove milyon lavi.

NYC
Health

Tout moun ki gen sis (6) mwa oswa plis ta dwe pran dènnye vaksen kont COVID-19!

Vaksen kont COVID-19:

- Kapab fè sentòm yo vin mwen grav si w tonbe malad akiz COVID-19.
- Redui risk pou entèn lopital oswa mouri akòz COVID-19.
- Redui risk pou gen COVID long.

Pandan nenpòt moun kapab tonbe malad grav akiz COVID-19, vaksinasyon enpòtan anpil — ak sove lavi — moun ki gen 65 lane ak plis yo, ki ansent oswa sante yo pa twò bon oswa ki gen andikap.

Pran dènnye vaksen an, menm si ou te gentan gen COVID-19 oswa ou te pran vaksen deja. Dènnye vaksen an pwoteje w kont varyan ki aktyèl la ak ranfòse pwoteksyon w, ki kapab diminye ak tan. Efè segondè ki vini ak vaksen an — tankou tèt fè mal, fatig ak doule nan zòn yo ba w piki a — ki jeneralman fè mal epi doule a pase nan kèk jou apre.

Pifò moun New York kapab toujou pran vaksen COVID-19 la gratis. Pou moun ki gen asirans yo, pifò plan sante tankou Medicaid ak Medicare — ap garanti frè vaksinasyon an san w pa depanse. Eskane kòd QR la oswa ale sou **[vaccinefinder.nyc.gov](https://www.vaccinefinder.nyc.gov)** pou kapab jwenn yon kote pou pran vaksen an, tankou kote ki bay moun ki pa gen asirans yo vaksen yo gratis.

Pran piki pou grip chak ane ou an tou. Pa gen danje pou resevwa vaksen COVID-19 ak grip la anmenmtan.

Anplis, rete lakay ou lè w malad, fè tès, mete mask ak lave men w se fason ki enpòtan pou redui risk pou gen COVID-19 ak lòt viris. Si ou gen kesyon sou vaksinasyon pou COVID-19 la, rele nan 212-COVID-19 (212-268-4319) oswa pale ak pwofesyonèl swen sante w la.

